



**Paid Family
Leave**

**ESTIPILASYON POU REKLAMASYON KONT DISKRIMINASYON /
REVANCH KI GEN RAPÒ A KONJE PEYE POU FANMI**

Konje Peye Pou Fanmi • PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030

Nimewo Dosye PFL:	Non Moun ki fè Reklamasyon an (Siyati, Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon):
Non Travay la:	

Èske reprezantan moun ki fè reklamasyon an mande yon frè? Wi Non

Si repons la se Wi, ou dwe mete yon Fòm OC-400.1 yo te bay moun ki fè reklamasyon an kòrèkteman ak dispozisyon an. Lè Workers' Compensation Board apwouve dispozisyon sa a, y ap anile kontestasyon ou te depoze nan dat la.

Bonjan Enfòmasyon / Rezulta Pwopoze

--	--	--

Nan dokiman sa a, moun ki siyen an estipile enfòmasyon / rezulta pwopoze yo ki anwo a. Tout moun ki enplike konnen efè legal nan estipilasyon enfòmasyon oswa rezulta ki pwopoze yo, epi yo te mete siyati yo nan estipilasyon ki anwo a ak pwòp volonté yo. Si Workers' Compensation Board apwouve li, y ap enkòpore estipilasyon la nan yon desizyon Komisyon an epi tout moun ki enplike ap oblige respekte li.

Moun ki fè reklamasyon an - Tanpri ekri an lèt detache

Moun ki fè reklamasyon an - Siyati

Dat la

Avoka Moun ki fè reklamasyon an/Reprezantan -
Tanpri ekri an lèt detache

Avoka Moun ki fè reklamasyon an/ Reprezantan - Siyati

Dat la

Anplwayè - Tanpri ekri an lèt detache

Anplwayè - Siyati

Dat la

Avoka Anplwayè / Reprezantan -
Tanpri ekri an lèt detache

Avoka Anplwayè / Reprezantan - Siyati

Dat la

SIYATI AVOKA KONPANSASYON TRAVAYÈ OSWA KONSILYAT WC A

Siyati obligatwa si yo soumèt fòm sa a nan yon odyans.

Dat la

12 NYCRR 300.5 Desizyon Jij Lwa Konpansasyon Travayè:

(a) Nan reklamasyon kontrè yo, jij Lwa Konpansasyon Travayè yo ap pran yon desizyon rezonab sou pwen yo konteste yo. Desizyon sa a, ki dekri prèv ki apiye deklarasyon sa a, ka fèt nan yon deklarasyon aloral y ap anrejistre nan konrandi odyans yo, oswa ki ka fèt nan yon deklarasyon alekri ki siyen y ap anrejistre ak dokiman pou dosye sa a.

(b) (1) Patisipasyon nan nenpòt reklamasyon devan Komisyón na ka estipile pou enfòmasyon oswa rezulta pwopoze yo pa te konteste. Lè yon moun ki fè reklamasyon gen yon moun ki reprezante li, yon estipilasyon ka fè swa kòm yon deklarasyon aloral pandan yon odyans, oswa alekri deyò yon odyans. Yo dwe soumèt yon estipilasyon alekri a ak fòm oswa fòm Prezidan an mande a. Estipilasyon an dwe endike chak pati nan estipilasyon an:

(i) te jwenn konsèy sou efè jiridik estipilasyon enfòmasyon oswa rezulta ki pwopoze yo genyen nan estipilasyon sa a; epi

(ii) te mete siyati yo nan estipilasyon sa a ak pwòp volonte yo. Si yo prezante estipilasyon an nan yon odyans, yon Jij Konpansasyon Travayè a dwe verifye sa ki endike anwo a kote li pral poze kesyon.

(2) Yon estipilasyon ki fèt nan yon odyans epi apwouve pa yon Jij Lwa Konpansasyon Travayè dwe enkòpore nan desizyon Jij Lwa Konpansasyon Jij Travayè a epi tout moun ki enplike dwe respekte li. Yo dwe evalye yon estipilasyon alekri ki te fèt andeyò yon odyans yon reprezantan moun ki fè reklamasyon an oswa patwon oswa konpayi asirans la anrejistre epi si Jil Lwa Konpansasyon Travayè oswa konsilyatè a apwouve li, yo dwe enkòpore li nan yon desizyon Komisyón an. Estipilasyon sa a, jan yo enkòpore li nan yon desizyon Jij Lwa Konpansasyon Travayè a, dwe respekte dispozisyon Seksyon 23 nan Lwa Konpansasyon Travayè a ak Seksyon 300.13 Pati sa a, epi Seksyon 22 ak 123 Lwa Konpansasyon Travayè a. Prezidan an kapab pou yo soumèt estipilasyon yo kòmsadwa nan fòma yo egzije a ak pou yon Jij Lwa Konpansasyon Travayè oswa konsilyatè konsititiye desisyon Lwa Jij Konpansasyon Travayè a.

(3) Lè yon moun ki fè reklamasyon pa gen moun ki reprezante li, li dwe bay yon deklarasyon sou sèman nan yon odyans ki endike li konprann sa li dakò yo ak efè jiridik estipilasyon aloral oswa alekri a genyen.

(4) Dispozisyon ki nan divizyon sa a pa dwe pou akò ki regle oswa detèmine reklamasyon pou konpansasyon selon seksyon 32 Lwa Konpansasyon Travayè ak Seksyon 300.36 nan Pati sa a.